



Akademisyen Frénand LEGER

Prezantasyon

Frénand LEGER fèt nan Pòtoprens, 7 desanm 1972. Li pran yon Doktora nan literati nan Inivèsite Toronto (Canada), yon metriz nan lengwistik aplike nan inivèsite Indiana Bloomington (Etats-Unis) ak yon lisans nan Syans Edikasyon, Université Quisqueya (Haiti). Li se pwofesè, li fè anpil rechèch sou lang kreyòl epi pwodui plizyè dokiman an kreyòl. Li anseye lang nan kolèj ak inivèsite, li kowòdone plizyè pwogram ak kou lang kreyòl ak lang franse. Li bay kolaborasyon li nan pwojè pwodiksyon diksyonè kreyòl.

Piblikasyon

Frénand LEGER pwodui anpil atik, ak lòt dokiman ki konsène lang ak literati. Pami yo, nou kapab site:

- 2011. *Pawòl Lakay: Haitian-Creole Language and Culture for Beginners and Intermediate Learners*. Coconut Creek, Florida: Educa Vision Press, 481 paj, (Otè prensipal).
- 2007. *Haitian Creole-English Bilingual Dictionary*. Project director, Albert Valdman. Indiana University Creole Institute: Bloomington, Indiana, 781 paj (Kolaboratè).
- 2015. Léger, F. « Yon koze sou sa yo rele woman nan literati franse ». Pawòl kreyòl, Revi literè Sosyete Koukouy, Montreal, Vol. 4, 2015, pp. 71-112.
- 2014. Hibbert, Fernand. *Romulus: A Novella from 19th Century Haiti*. trad. en anglais par Robertshaw Matthew, Québec: Deux Voiliers Publishing. Journal of Haitian Studies, UC Santa Barbara, Vol. 20, No. 1, paj 120-125.
- 2012. « Wòl lang kreyòl la nan pwosesis (re) konstriksyon Ayiti a ». Nan Pawòl kreyòl, Revi literè Sosyete Koukouy, Monreyal, Vol. 3, 2012.
- 2010. « Le créole haïtien aux Bahamas: image, fonctions, statut et enseignement » Nan Journal of Haitian Studies, UC Santa Barbara, Vol. 16, No. 2, paj 74-90.

Angajman

Frénand LEGER fè pwomosyon ak defann lang kreyòl nan domèn sa yo:

- Rechèch
- Literati
- Edikasyon

Se Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal (SAKS) kite rekòmande Frénand LEGER kòm Akademisyen